

PROGRAM NO: 363**PENTINGIPUN IMUNISASI KANGGE LARE / PAMILUJENGAN BAYI MUSA**

Sedhèrèk kula, kados pundi kabar saha kawontenan panjenengan ing dinten menika? Pandonga kula, mugè panjenengan wonten ing kawontenan ingkang saé saha rahayu. Kula, Lilis, manggihi panjenengan malih wonten ing adicara Cahyaning Agesang. Dinten menika kula ugi taksih dipun kancani déning ibu Arin, ingkang badhé ngaturaken siraman rohani kanggé panjenengan wonten ing pérangan kaping kalih adicara menika. Wonten ing pérangan kaping sepindhah, kula badhé mbagé kaweruh ngéngingi pentingipun imunisasi kanggé laré. Inggih, sedhèrèk kula, mangga kita wiwiti kémawon pérangan ingkang kaping sepindhah, sugeng mirengaken.

Pentingipun Imunisasi kanggé Laré

Sedhèrèk kula, imunisasi minangka jaminan keséhataning laré ing mangsa tembé, karana malangi samukawis penyakit saged lumantar imunisasi. Menawi laré pikantuk imunisasi wiwit alit mila, pramila laré badhé pikantuk pangayoman saking penempuhipun sawetawis jinis penyakit infèksi. Imunisasi ugi badhé ngéndhanaken laré saking samukawis penyakit infèksi ingkang mbebayani, kados ta, penyakit polio, campak, hépatitis A, hépatitis B sarta tétanus. Dados imunisasi maédahi kanggé malangi laré kaserang déning samukawis penyakit infèksi, ngalitaken kadadosan katerak penyakit nular. Imunisasi saged mindhakaken keséhatan nasional.

Nanging nyukani imunisasi dhateng laré mboten segampil ingkang kados kita angenaken, karana taksih kathah tiyang sepuh ingkang dèrèng paham tumrap pentingipun imunisasi, ugi wonten tiyang sepuh ingkang bingung tumrap kathahipun jinis imunisasi, lajeng wontenipun jadwal imunisasi ingkang telad, sarta wontenipun pangertosan ingkang lepat ingkang ngrembaka wonten ing masarakat. Bab-bab menika ingkang dados pepalang kanggé laré mikantukaken imunisasi ingkang trep wonten ing wedalipun.

Supados tiyang sepuh mboten bingung saha nggadahi pangertosan ingkang cetha ngéngingi imunisasi, pramila tiyang sepuh kedah wanuh tumrap jinis-jinisipun imunisasi saha kapan wedalipun imunisasi menika saged dipun sukakaken dhateng laré. Kula kepinging mbiyantu para tiyang sepuh ingkang ing samangké kaleresan nggadahi bayi, kanggé mangertosi kanthi leres ngéngingi imunisasi. Imunisasi ngener dhateng laré alit, wonten kalih klompok, ingkang kaping sepindhah dhateng bayi, ingkang kaping kalih dhateng batita/umur tigang taun mangandhap. Nah, kanggé laré ingkang taksih bayi, imunisasi ingkang wajib dipun sukakaken, inggih menika:

BCG. Paédhahipun BCG menika kanggé malangi penyakit tuberkulosis utawi TB, inggih menika infèksi ingkang dipun sebabaken déning baktèri *Mycobacterium tuberculosis*. Penyakit menika ingkang paling asring nyerang paru-paru, sanadyana tumrap sapratiga kedadosan nyerang pirantosing badan, saha dipun tularaken saking satunggaling tiyang dhateng tiyang sanèsipun. BCG menika dipun sukakaken dhateng bayi ingkang nembé lair; nah, menawi satunggaling ibu telad anggènipun nyukakaken imunisasi menika dhateng bayinipun ngantos bayi menika umur tigang sasi, pramila bayi menika kedah dipun titi-priksa rumiyin, menapa badanipun sampun ngandhut baktèri TB menapa mboten, karana imunisasi BCG saged dipun sukakaken dhateng bayi ingkang badanipun ingkang mboten kénging baktèri tuberkulosis.

Imunisasi selajengipun ingkang wajib dipun sukakaken dhateng bayi, inggih menika hépatitis B. Imunisasi menika maédahi kanggé ngayomi badanipun bayi saking virus hépatitis B, virus menika saged murugaken karisakaning ati. Imunisasi menika dipun sukakaken dhateng bayi paling telad kalihwelas jam sasampunipun lair, saha dipun sukakaken malih ing nalika bayi menika umur setunggal sasi, lajeng ing nalika umur tigang sasi, saha umur nem sasi.

Imunisasi sanès ingkang wajib dipun sukakaken dhateng bayi ingkang nembé lair, inggih menika imunisasi polio. Imunisasi menika ngayomi bayi saking virus polio, ingkang saged murugaken kalumpuhan.

Inggih kawitan, vaksin menika dipun sukakaken dhateng bayi sasampunipun lair. Selajengnipun, vaksin menika dipun sukakaken kaping tiga, inggih menika ing nalika bayi menika umur kalih sasi, sekawan sasi, saha nem sasi. Dipun ambali malih ing nalika bayi menika umur wolulas sasi saha umur gangsal taun.

Selajengipun bayi ugi kedah dipun imunisasi DPT (Diptèri, Pèrtusis saha Tétanus). Imunisasi menika maédahi kanggé malangi tigang jinis penyakit, inggih menika penyakit diftèri (infèksi saluran pernapasan ingkang dipun sebabaken déning baktèri), tétanus (infèksi baktèri wonten ing bagéyan badan ingkang tatu), saha pertusis (watuk rejan, ing padatanipun dumados kanthi wedal ingkang dangu). Inggih kawitan dipun sukakaken ing nalika bayi umur langkung saking nem minggu. Selajengipun, dipun sukakaken malih ing nalika bayi menika umur sekawan sasi saha nem sasi. Ènget, DPT dipun sukakaken malih ing nalika bayi menika umur wolulas sasi saha gangsal taun. Ing nalika laré umur kalihwelas taun, vaksin menika dipun sakakaken malih, biyasanipun wonten ing sekolah.

Imunisasi ingkang wigatos sanèsipun ingkang kedah dipun sukakaken, inggih menika imunisasi campak. Imunisasi menika maédahi kanggé ngayomi laré saking penyakit campak ingkang dipun sebabaken déning virus campak. Imunisasi campak menika dipun sukakaken kawitan dhateng bayi ing

nalika umur sangang sasi, ingkang kaping kalih ing nalika laré menika umur nem taun. Menawi dèrèng pikantuk vaksin campak ing nalika umur sangang sasi, bayi menika saged dipun sukani vaksin gabungan, inggih menika vaksin gondhong kaliyan campak Jerman ing nalika umur gangsalwelas sasi.

Nah, sedhèrèk kula, menika kalawau imunisasi ingkang sanget wigatos ingkang kedah dipun sukakaken dhateng laré kita. Menawi anak panjenengan dèrèng dipun imunisasi, panjenengan saged dhateng Puskesmas ingkang celak utawi dhateng dhokter, kanggé mikantukaken pitedah saha luwaring prekawis, supados anak panjenengan mboten katerak samukawis penyakit ingkang mbebayani.

Sedhèrèk kula, mugi-mugi kaweruh ngéngingi pentingipun imunisasi kanggé laré menika kalawau maédahi kanggé panjenengan sakulawarga. Tetapa sesarengan giyaran Cahyaning Agesang menika, karena sekedhap malih ibu Arin badhé dumugi saha ngajak panjenengan nggegilut Dhawuh Pangandikanipun Gusti. Nanging sadèrèngipun, mangga kita sami mirengaken satunggal lagu pepujèn, ingkang sampun kula cawisaken kanggé panjenengan. Sugeng mirengaken, mugi-mugi manah panjenengan kalipur.

Pamilujengan Bayi Musa

Sedhèrèk kula, nalika satunggalipun bayi umur sedasa sasi dipun wilujengaken déning tim penyelamat bencana alam, kathah tiyang ingkang gumun tumrap katanggihan/kakukuhanipun tim penyelamat manika, ugi katanggihanipun bayi menika ingkang taksih gesang wonten ing gogrogan nggriyanipun ingkang ajur déning lindhu. Kathah tiyang diwasa ingkang sami pejah karena bilahi menika, nanging bayi alit ingkang ringkih menika saged tahan gesang saha kasil dipun wilujengaken. Nalika kula nonton pawartos menika kula mikir, bilih Gusti mesthi kagungan rancangan ingkang éndah tumrap bayi menika ing mangsa tembé. Kita panci mboten sumerep menapa rancanganipun Gusti kanggé bayi menika ing mangsa tembé, nanging kita mesthi mitadosi bilih rancanganipun Gusti menika mesthi saé.

Kula ugi kèngedan kaliyan satunggalipun bayi ingkang naminipun Musa, ingkang nyawanipun kaancam, nanging kasil dipun wilujengaken déning Gusti. Nah, kados pundi bayi Musa kasil dipun wilujengaken déning Gusti? Mangga kita sami mirengaken cariyosipun:

Nalika semana ana wong lanang turun-Lèwi ningkah karo wong wadon uga turun-Lèwi;

wong wadon mau nglairaké anak lanang. Bareng weruh yèn bayiné mau bagus banget, banjur didhelikaké nganti telung sasi lawasé.

Nanging sarèhné brayat mau ora bisa ngumpetaké menèh, nuli gawé wadhah saka glagah nganggo dipopok tir supaya ora klebon banyu. Bayiné nuli disèlèhaké ing wadhah mau, banjur digawa menyang kali. Wadhah mau nuli didokok ana ing satengahing glagah-glagah ing pinggir Bengawan Nil.

Déné mbakyuné bayi mau ngadeg kepara adoh karo ngawat-awati, merga arep weruh kepriyé bakal kedadéané.

Ing kono putrané putri Sang Pringon tindak menyang kali arep siram; déné para embané padha mlaku-mlaku ing pinggir kali kono. Dumadakan putri mau pirsawadhah sing ana ing satengahé glagahan, banjur utusan embané njupuk.

Bareng pirsawèn ing njero wadhah ana bayiné, lan bayi mau nangis, putri mau runtuh welasé, sarta ngandika, "Iki genah anaké wong Ibrani."

Mbakyuné bayi mau banjur matur, "Menapa panjenengan kersa kula padosaken tiyang èstri Ibrani ingkang saged nesepe bayi menika?"

"Iya becik," mengkono wangsulané putrané putri Sang Pringon mau; bocah wadon mau banjur ngundang embokné.

Sang putri dhawuh marang embokné bayi, "Bayi iki gawanen, kowé bakal dakopahi." Bayiné banjur digawa sarta disusoni déning embokné.

Bareng bocahé wis gedhé, nuli diaturaké marang sang putri; bocah mau kapundhut dadi putra angkat lan diparingi jeneng Musa. Pangandikané, "Merga bocah iki dakentas saka ing banyu." (Pangentasan 2:1-10).

Sedhèrèk kula, menika kalawau cariyos ngéngingi pamilujengan bayi Musa. Nyawa bayi Musa sanget kaancam. Karana ing negari piyambakipun manggèn, inggih menika Mesir, wonten perintah saking Raja, supados mejahi saben laré jaler ingkang lair saking tiyang Yahudi. Musa sempet dipun dhelikaken déning tiyang sepuhipun sedangu tigang sasi, nanging piyambakipun mboten saged dipun dhelikaken langkung dangu malih. Nah, pungkangsaniipun bayi Musa dipun kèlèkaken/kéntiraken wonten ing lèpèn ngginakaken pethi pandhan. Lajeng nalika pethi bayi menika kumambang wonten ing lèpèn Nil, dipun pundhut déning putri sang raja. Lajeng Musa dipun opèni saha dipun agengaken déning putri raja menika.

Kados pundi mangsa tembénipun Musa ingkang dipun wilujengaken menika? Kita sumerep cariyos selajengipun, Musa dipun agem Gusti kanggé mimpin bangsanipun medal saking ingkang nindhah/nindhès bangsa menika. Gusti ngutus Musa supados mardikakaken bangsanipun saking panindhèsan. Musa dipun pitados déning Gusti, kanggé mimpin bangsanipun medal saking negari Mesir. Gusti ugi njangkepi Musa kaliyan satunggal tongkat, ingkang kathah dipun agem Gusti nindakaken kaajaiban ingkang ngéramaken. Tongkat menika dipun agem Gusti kanggé miyak seganten, medalaken toya, saha sanès-sanèsipun. Dados, Gusti kagungan rancangan ingkang ageng tumrap pagesanganipun Musa.

Sedhèrèk kula, cariyos Musa minangka salah satunggal saking kathah cariyos anak manungsa ingkang ngadhepi prekawis èwed. Tiyang sepuhipun Musa tamtu kepingin anakipun wilujeng. Saha Gusti milujengaken. Menawi Gusti kagungan rancangan tartamtu tumrap satunggalipun tiyang ing ndonya menika, pramila Gusti badhé mujudaken tiyang menika trep kaliyan karsanipun saha tujuanipun. Mboten wonten ingkang saged ngalang-ngalangi rancangan saha karasanipun Gusti menika. Saha kita sumerep, bilih Gusti kanyata kagungan rancangan ageng tumrap Musa. Gusti karsa, supados Musa mimpin bangsanipun medal saking negari ingkang nindhès bangsanipun, pramila saking menika Musa dipun ayomi saking samukawis bebaya. Malahan Gusti saged ngagem putri saking satunggalipun raja ingkang mrintahaken supados sedaya laré jaler ingkang lair saking bangsa Israèl dipun pejahi. Gusti sagah nindakaken menapa kémawon kagem mujudaken karsa saha janjinipun.

Sedhèrèk kula, menapa kita sumerep, bilih Gusti kagungan rancangan ingkang saé tumrap saben tiyang? Dhawuh Pangandikanipun Gusti ngandika:

Mung Aku dhéwé sing pirsá apa sing Dakrancang kanggo kowé, yakuwi rancangan sing gawé karaharjan, dudu rancangan paukuman. Rancangan bab jaman sing kokarep-arep tekané. (Yérémia 29:11).

Sedhèrèk kula, menapa kita nggadhahi kapitadosan kadosdéné ingkang dipun ngandikakaken Dhawuh Pangandikanipun Gusti ingkang nembé kémawon kita pirengaken? Menapa kita mitadosi, bilih rancanganipun Gusti menika tansah saé tumrap dhiri kita, tumrap anak-anak kita, saha tumrap sedaya tiyang? Menawi kita mitados menapa ingkang dipun dhawuhaken déning Dhawuh Pangandikanipun Gusti menika, pramila kita badhé tansah nggadhahi pengajeng-ajeng ingkang saé tumrap mangsa tembé kita, tumrap mangsa tembé anak-anak kita, ugi tumrap mangsa tembé tiyang ingkang pitados saha nresnani Gusti. Menawi kita mitadosi, bilih rancangan Gusti menika saé saha dhatengaken tentrem rahayu, pramila kita mboten badhé mikiraken bab-bab ingkang awon ngéngingi mangsa

tembé kita. Pikiran kita badhé tansah positip, tansah saé, sanadyana kita saweg wonten ing kawontenan ingkang mboten saé.

Kosok-wangsulipun, menawi kita mboten pitados dhateng rancangan Gusti ingkang saé tumrap gesang kita, pramila kita badhé tansah mikiraken bab-bab ingkang négatip, bab-bab ingkang awon, malahan kita saged mikiraken bab-bab ingkang nyuwakaken saha nyedhihaken. Menapa malih menawi kita wonten ing kèwedan, utawi wonten ing kawontenan ingkang mbebayani gesang kita, saged kémawon kita mboten nggadahi pengajeng-ajeng ingkang saé saha éndah. Prekawis saha pambengan, kala-kala dipun agem Gusti kanggé ngiyataken kapitadosan kita tumrap karasanipun Gusti wonten ing sawingkingipun sedaya prekawis ingkang mboten ngremenaken menika.

Sedhèrèk kula, mangga kita sami mitadosi, bilih Gusti menika kagungan rancangan ingkang saé tumrap saben manungsa. Saha pitadosa, Gusti ugi kagungan rancangan ingkang éndah saha saé, kanggé mangsa tembé panjenengan saha sedaya kulawarga panjenengan. Pramila saking menika, sampun ngantos panjenengan pedhot ing pengajeng-ajeng. Gusti mboten naté mblénjani janjinipun. Gusti nresnani umatipun kanthi sih ingkang langgeng, temah Gusti mboten badhé ngrancangaken kacilakan utawi karemukan gesang umatipun. Mangga kita sami pitados dhumateng Gusti kanthi gumolonging manah, gumolonging nyawa saha gumolonging budi kita. Mangga kita sami mitadosi, bilih mangsa tembé kita badhé saé saha éndah, karena Gusti ingkang ngrancangaken. Gusti mberkahi kita. Amin.